



Migrasyon fòse pèp ayisyen nan zòn amerik yo:  
trajè ak mank pwoteksyon - 2023





## Migrasyon fòse pèp ayisyen nan zòn amerik yo: trajè ak mank pwoteksyon - 2023

### Direksyon JRS

Karen Vanessa Pérez Martínez (JRS México)  
Oscar Javier Calderón Barragán (JRS LAC)

### Envestigasyon

Irene Abbott Croxatto (JRS LAC)  
Woodley Augustin (JRS México)

### Kowòdinasyon editorial

Gilma Adriana Sánchez Díaz  
Jember Javier Pico Castañeda

### Tradiksyon an kreyòl

Sthephaenson Gauthier

### Konsepsyon grafik ak dyagram

Laura Angelica Buitrago Quintero



Migrasyon fòse pèp ayisyen nan zòn amerik yo: trajè ak mank pwoteksyon- 2023 © Sèvis Jezwit pou Refiye pou Amerik latin ak Karayib lan – JRS LAC, avèk Licencia Creative Commons Atribución-NoComercial-Compartirlgual 4.0 Internacional (CC BY-NC-SA 4.0), 2024

# 1

## Kontèks

Nan dènye deseni ki sot pase yo, dyaspora ayisen an te yon reyalite pèsistan nan panorama mouvman migratwa nan peyi Amerik ak Karayib yo. Sepandan, an 2021, yo te obsève nimewo istorik nan deplasman migratwa<sup>1</sup> yo, ki te vin aktè prensipal nan novo egzòd masif nan rejyon an, fwa sa a se pa sèlman sòti Ayiti, men nan peyi sid yo kote pèp ayisen an te etabli. Malgre vin gen yon rediksyon nan dènye aye yo, mouvman sa a toujou siyifikatif. Mete sou li, mouvman moun ki ap chèche kite Ayiti akoz sitiyasyon ensekirite ak vyolans ki genyen nan peyi a, swa nan direksyon Republik Dominikèn oubyen nan direksyon lòt peyi nan Amerik la pou rejwenn wout migratwa sa a.



Sitiyasyon sa a make yon kriz ki enplike yon vwayaj pou Etazini, ki konsentre sou kat fwontyè:

- Etazini-Meksik
- Meksik-Gwatemala
- Panama-Kolonbi
- Republik Dominikèn-Ayiti)

Epi li demontre yon enkapasite rejyonal nan jesyon ak sipò mouvman sa. Moun sa yo, ki prensipalman deplase akoz kriz estriktirèl an Ayiti a, vyolans, rasis, diskriminasyon ak rejè yo fè fas nan peyi akèy yo, ansanm ak mank opòtinite pou yon lavi miyò, deplase nan yon prèske envizib nan tout Amerik yo.

Nan kontèks sa a, JRS LAC te kòmanse an 2023 yon koleksyon enfòmasyon ak pèp ayisen an nan mouvman ak entansyon pou yo rete nan diferan pati nan kontinan an, nan objektif pou gen yon idantifikasyon ki pi reyèl, konkrè ak pi fonde nan reyalite a nan kontinan an, baryè pou jwenn aksè a dwa yo, bezwen pwoteksyon diférens yo, kapasite ak opòtinite pou sipò ak swen nan rejyon an. Koleksyon enfòmas-

yon an te fèt an kolaborasyon sere ak lòt òganizasyon, tankou diferan òganizasyon nan sektè imanitè nan peyi Chili, Ekwatè, Kolonbi, Panama ak Meksik, Gwoup Entèjans sou mouvman Migratwa Mixte - GIFMM nan Urabá (Kolonbi) ak òganizasyon alye li yo, JRS Meksik, JRS Ekwatè ak JRS Kolonbi.

# 2

## Metodoloji

Metodoloji pou rekopilasyon enfòmasyon sa a gen de eleman ladan li: youn ladan yo se evalyasyon ekstèn, ki gen ladan rekopilasyon dokiman ak konvèrsasyon avèk kèk entèmedyè; epi lòt la se evalyasyon patisipatif, ki gen obsèvasyon teren, gwoup diskisyon ak entèvyou semi-estrikture ak pèp ayisen. Yo te fè 22 konvèrsasyon ak etranje (Chili, Ekwatè, Kolonbi ak Meksik), 06 obsèvasyon sou teren, 11 gwoup diskisyon, ak 433 gwoup vwayaj, soti jen 2023 rive fevriye 2024 (Kolonbi ak Meksik).

<sup>1</sup> Daprè estatistik Migrasyon Panama Statistik (migracion.gob.pa), transpò publik ayisen an nan peryòd 2010-2019 la te 27.703 moun; an 2020, 6,653 moun; ak nan 2021, 82,879 moun.

Kantite moun yo rekopile enfòmasyon nan men yo reprezante reyalite pèp ayisen ki an deplazman yo, men akòz tip enstriman sa, yo pa analize siyifikasyon estatistik varyab ki obsève yo, e rezulta yo ta dwe konsidere kòm prèv reyalite mouvman migratwa ayisen an Mouvman Migrasyon Ayisen nan dat yo te rekopile enfòmasyon yo.

### 3

## Prensipal konstatasyon yo

Mouvman Migrasyon Ayisen an se yon mouvman ki **ekstrèmeman vilnerab**, ni nan peyi orijin yo, nan peyi kote yo rezide yo ak nan trajè yo pou rive Ozetazini, pandan ke yo viktim plizyè fwa nan vòl, ekstòsyon ak vyolasyon dwa moun yo.



Mouvman Migrasyon Ayisen a santi li pou kont li; **Kidonk, prensipal sous konfyans ak sipò yo se fanmi yo**. Sa a vin enplike ke moun yo sispann kwè epi gen konfyans nan Òganizasyon Sosyete Sivil yo, Òganizasyon Non-Gouvènmantal yo ak gouvènman yo, enstitisyon ak pwosedi yo pèdi enpòtans ak fyabilite yo.

Akòz kondisyon vilnerabilite yo, Mouvman Migrasyon Ayisen vin tounen yon sib fasil, ki atire atansyon rezo ki dedye yo a **trafik ak eksplotasyon moun**, kote yo itilize sèvis yo nan pifò seksyon sou wout la.



**Rasis estriktirèl** ki egziste nan Amerik la jenere yon rejè konsiderab ki, nan plizyè okazyon, anpeche yo etabli kèk prensip pou rebati pwojè lavi yo nan lòt peyi yo epi resevwa yon trètman diy pandan desplasman yo an.



Mouvman dinamik ak varyab sa, ki tèlman genyen anpil baryè nan deplasman li yo, pwofite tout opòtinite ki genyen nan antouraj li an, menm si yo reprezante **risk sekirite ak pwoteksyon**.


Moun ki pi vilnerab pandan trajè yo se **fanm, ti fi, ti gason, adolesan ak fanmi ki gen yon sèl paran yo e ki gen moun ki depann de yo**, sitou moun ki pa pale espanyòl.



## Konpozisyon gwoup vwayaj yo

Gwoup vwayaj yo, an mwayèn, konpoze de 3, 8 moun. Selon konpozisyon yo ou kapab remake se gwoup zanmi ki vwayaje ansanm, fanmi yon sèl paran ak fanmi de paran yo ki gen ti fi ak ti gason ki poko gen 12 lane, ak jèn koup ki gen ti bebe oswa fanm ansent. Majorite gwoup vwayaj yo, kit yo se fanmi oswa zanmi, se jèn moun ki gen yon laj mwayèn 38 an ki konpoze yo. Moun ki kòmanse trajè a pou kont yo rantre nan lòt gwoup sou wout la.

**Grafik 01.** Pwofil selon sèks (Klasifikasyon) ak laj



**Sous:** Reyalizasyon pèsònèl<sup>2</sup>

Daprè enfòmasyon ayisen yo, majorite nan yo (99%) vwayaje ak kèk dokiman idantifikasiyon.

76% moun ki yo te fè entèvyou avèk yo a **pa pale espanyòl**, sa ki limite aksè yo pou jwenn enfòmasyon ak dwa yo genyen sou wout la. Gras avèk entèvyou apwofondi avèk kèk entèmedyè, nou rive evidansye ke baryè lang lan vin agrave sitiyasyon vulnerabilite yo, kote li ekspoze yo nan frot, vòl, ekstòsyon, trafik ilegal ak move enfòmasyon. Anplis de sa, se **fanm** yo ki gen mwens konesans nan lang lan, menmsi kèk nan yo te viv nan peyi kote yo pale espanyòl.


### Nivo edikasyon moun ki an mouvman

82% nan moun yo te fini sik segondè; Nan yo, prèske 20% gen yon diplòm teknik oswa pwofesyonèl. Sepandan, pi fò nan yo te rankontre difikilte pou validasyon nivo akademik yo te genyen nan peyi rezidans yo.


### Des vwayajè pa sèks

Pami moun ki konfòme gwoup vwayaj yo, 60% se gason (granmoun ak timoun), 39% se fanm (granmoun ak ti fi), ak 1% se moun ki pa binè. 22% se minè (ti fi ak ti gason), ladan yo 55% se tifi.

**Grafik 02.** Dokiman vwayaj yo




**Grafik 03.** Nivo edikasyon (konplè) yo



<sup>2</sup> Sous tout graf ak kat nan dokiman sa a se pwòp kreyasyon mwen. Nan sans sa a, enfòmasyon sa yo omisyon depi kounye a.

**Grafik 04.** Pwofil priyoritè yo



- **Des priyorté**

19.5% nan gwoup vwayaj yo vwayaje ak yon fanm ansent oswa ki ap bay tete, 11% ak yon moun ki gen yon maladi kwonik oswa ki grav, epi 07% vwayaje ak yon moun ki gen yon defisyans (fizik oswa mantal).

## 5 Motivasyon pou vwayaj yo

Motivasyon ki fè moun yo kite Ayiti varye konsiderableman ant moun yo te fè entèvyou avèk yo nan premye ak dezyèm semès 2023 a. Pou moun ki te fè entèvyou nan premye semès la, motivasyon prensipal yo te plis santre sou mank aksè a dwa, kote ke mank travay. (87%), mank aksè a manje (33%) ak vvolans jeneralize nan peyi a (27%) te pi dominan.


**Grafik 05.** Motivasyon pou sòti Ayiti (premye semès ane 2023)



## ● Motivasyon pou kite Ayiti

Pou moun ki te fè entèvyou nan dezyèm semès la, motivasyon prensipal yo te plis santré sou deteryorasyon kriz vyolans ak ensekirite nan peyi a. Kote ke vyolans jeneralize a te pozisyone tèt li kòm kòz prensipal la (100%), pèsekisyon oswa krent pou pèsekisyon (23%) ak rechèch pou yon pwosesis reyinifikasiyon fanmi (8%) te vini aprè.


**Grafik 06.** Motivasyon pou sòti Ayiti (dezyèm semès ane 2023)



Nan gwoup diskisyón ki fèt yo, nou ka wè, nan vyolans jeneralize a, moun yo mansyone deplasman entèn yo se akòz envazyon gang kriminèl ak/oswa lòt gwoup ame nan sektè kote yo ap viv la, menas yo resevwa nan men yo ak pèt vwazen oswa fanmi yo se akòz aksyon kriminèl gang sa yo.


Nan motivasyon moun ki kite peyi kote yo tap viv yo, nou evidansye yon pi gwo divèsite. 30% manifeste ke yo a la rechèch yon pi bon avni ak opòtinite, 18% mansyone mank travay, 16% fè sa akoz pèsekisyon oswa krent pou yo pèsekite yo, epi 15% akòz diskriminasyon ak rasis ke yo eksperimente nan peyi sa yo.

**Grafik 07.** Motivasyon pou kite lòt peyi yo.



Anplis de sa, nan gwoup diskisyón yo, li evidan ke pèp ayisyen an, an general, fè eksperians yon rejeksyon akoz idantite kiltirèl yo, konesans ak kapasite yo pa valide nan peyi rezidans yo, anplis de sa, pwosesis ak resous yo – validasyon tit pwofesyonèl yo difisil anpil. Yo souvan fè fas ak sitiyasyon rasis ak trètman enjis. Sa limite opòtinite travay yo, yo plis relege yo sitou nan travay ki pa gen anpil konpetans oswa travay prekè. Regularizasyon estati migratwa pa yo, ansanm avèk pa manm fanmi yo, nòmalman se yon pwosesis ki long epi ki difisil, sa ki vin tounen yon lòt baryè pou integrasyon yo nan sosyete a.

## Entansyon ak destinasyon vwayaj yo




**Grafik 08.**  
Entansyon vwayaj sa yo.

Se sèlman 24% nan gwoup vwayaj yo ki deklare ke yo gen ase resous pou rive nan destinasyon yo gen entansyon rive a (Etazini) malgre ke, nan pifò ka yo, moun yo vann tout afè yo anvan yo kòmanse vwayaj la. 46% nan gwoup ki te fè entèvyou yo gen yon sipò nan peyi destinasyon an, ki ka ba yo èd, si sa nesesè.

88% moun ki te fè entèvyou yo deklare ke destinasyon final yo se Etazini, 9% Meksik epi rès yo nan lòt peyi. Sepandan, nan lòt espas kote nou te rekolekte enfòmasyon nou te rive konstate ke moun ki gen destinasyon final yo pou Meksik oswa lòt peyi, sèlman planifye yon pasaj ki pa twò long nan kote sa yo: Yo sèlman chèche estabilize sitiyasyon ekonomik yo epi answit kontinye pou Etazini.

**Grafik 09.** Kantite resous pou rive nan destinasyon an.



Entansyon pou rive Etazini baze sitou sou opòtinite pou yo kapab chwazi yon pi bon kon-disyon lavi ak yon pi bon avni pou ptit fi ak ptit gason yo. Yo konnen ke nan zòn sa komi-note ayisyèn nan anpil, sa ki fasilité pwoesis adaptasyon moun ki apèn rive yo ak rezo ki egziste yo ka konekte yo ak diferan opòtinite travay. Yo kwè ke yon fwa yo la, yo ka jwenn travay ki byen peye epi kidonk voye lajan bay fanmi yo an Ayiti, epi tou gen aksè a edikasyon.

Se sèlman 30% nan yo ki konnen politik imigrasyon Etazini, epi lè yo jwenn enfòmasyon ki pi konkrè ak kèk moun, nou rive evidansye yon wo nivo move enfòmasyon, ki pa sèlman gen rapò ak destinasyon an, men tou ak wout yo pran an. Moun ki plis pa enfòme yo pa planifye wout la e yo pa okouran de danje ki genyen ladan I, alòske moun ki pi enfòme yo jwenn enfòmasyon atravè rezo sosyal yo ak sèvis "gid" (koyòt) ke yo peye pou akonpaye yo nan vwayaj la. Sepandan, yo pa souvan sèvi ak sous enfòmasyon ofisyèl yo.


Yo idantifye plis pase 22 wout diferan pou ale Ozetazini, sa depan si moun yo te kòmanse wout yo sòti Ayiti (53%) oswa nan peyi kote yo te abite ki diferan de peyi orijin yo a, sitou nan ka peyi tankou Chili (28%) ak Brezil (13%). **An mwayèn, gwoup vwayaj yo pase nan 8 peyi yo rive Meksik epi yo pran 30 jou nan wout.**

## Kat 01. Peyi ak wout yo.


- Wout dirèk
- Wout kote yo pase
- ↑ Wout kote yo pase
- Peyi ki rejte yo a
- Peyi tranzit yo

Moun yo itilize plizyè mwayen transpò pou yo deplase, selon segman nan wout la, pèman pou transpòte moun yo domine nan plis pase 80% nan ka yo. Obsèvasyon ki fèt sou teren yo, konvèrsyon ak entèmedyè epi ak pèp ayisyen an te pèmèt yo demonstre gwo risk ke yo genyen fas ak rezo trafik moun yo. Majorite nan yo, san pran an kont kote yo sòti a, peye kòyòt oswa "gid" pou "ede" yo nan pwosesis viza, vwayaj pou rive nan kèk zòn nan wout la oswa pou "antre" nan peyi yo, sa vle di, ke yo asire antre yo san okenn risk pou depòtasyon.

**Grafik 10.** Mwayen transpò nan wout lan



Pri yo idantifye yo varye selon diferan segman nan wout migratwa a ak diferan pwosesi ki asosye yo.




Wout sa a gen de pwen enterè enpòtan, non sèlman akòz gwo foul moun ki konn gen ladaml men tou akòz enpòtans yo kòm pwen kontak ak deplasman popilasyon ayisyen lan: Kolonbi ak Meksik.




6.1

## Pwen sikilasyon - Kolonbi

Kolonbi jwe yon wòl enpòtan nan wout migratwa moun ki ap vwayaje soti nan sid pou pase nan forè Darien pou ale Etazini. Nan dènye ane yo, dè milye moun, pandan deplasman imen te vwayaje nan peyi sa a, epi pandan 2023 yo te anrejistre yon ogmantasyon enpòtan, ki te depase chif ane anvan an plis pase 200%. Sepandan, deplansman migratwa pèp ayisyen an te rete prèske konstan, ak yon total de 47,334 moun, ke nou gen dosye - ki te travèse pa Panama an 2023.




**26%** nan gwoup vwayaj yo te fè entèvyou avèk yo nan peyi Kolonbi di ke yo te fè fas a pwoblèm sou wout la pou yo te ka rive nan peyi a.



epi sèlman **37%** te resevwa kèk sipò sou wout la.

Sitou nan pwoblèm sante (29%) ak nan men òganizasyon non-gouvènmantal ak/ oswa Ajans Nasyonzini (50%). Epi tou gen omwen youn nan gwoup vwayaj yo ki pèdi yon manm nan fanmi yo sou wout la.

### Kat 02. Zòn antre nan Kolonbi




Anvan yo te kòmanse antre nan forè Daryen lan, jiska 2023, 90% deklare ke yo antre nan peyi Kolonbi atravè fwontyè sou wout Ekwatè - Nariño (sid Kolonbi), yo fè 2 arè nan peyi a anvan yo rive nan Gòlf Urabá (Chocó) epi yo pa rete fè plis pase 3 jou. Nan gwoup sa yo ki rete kèk jou Kolonbi,

**60%** rete nan yon otèl oswa kay yo pataje (nan kominate a),

**5%** sèlman 5% nan lari oubyen sou plaj.

72% nan moun yo konsome an mwayèn 2 repa pa jou lè yo nan Kolonbi, san diferans sou sèks moun lan.

**Grafik 11.** Bezwèn imedya nan peyi Kolonbi.



Bezwèn yo detekte nan zòn sa a varye, tout sa ki gen rapò ak **dlo** (57%) ak **manje** (51%), se yo ki plis domine. Nan pati sa a sou wout la, moun yo toujou gen resous (pèsonèl oswa nan men rezo yo) pou vwayaj yo a, si yo pat sibi vòl oswa ekstòsyon, kidonk kondisyon yo pi favorab an konparezon ak sa yo obsèvè nan zòn nò kontinan an.

An relasyon ak tèm sante (19% medikaman, 10% swen), li evidan ke majorite moun yo gen kèk kondisyon sante **ki egziste deja (tansyon wo, dyabèt)** oswa yo se fanm ansent, ki entèwongp trètman medikal yo pandan vwayaj yo epi yo pa jwenn aksè pòs sante ki nesesè yo. Kòm rezulta, yo ale nan sèvis sante yo (sitou sa ke Òganizasyon Non-Gouvènmantal yo bay yo) sèlman lè yo gen yon pwoblèm ki gen rapò ak kondisyon sa yo epi pi souvan lè sitiyasyon an deja konplike.



Mank pwoteksyon **tifi, ti gason ak adolesan** yo evidan tou pandan vwayaj yo atravè Kolonbi. Non sèlman li komen pou yo kite sistèm lekòl fòmèl la nan mitan sik eskolè yo oswa san yo pa menm fini yo, men tou yo manke aksè a sèvis edikasyon tanporè sou wout la. Entèripsyon pwolonje nan koze lekòl ak pèt dokiman yo koze anpil difikilte enpòtan pou integrasyon yo nan sistèm edikasyon peyi kap resevwa yo a.

Yon lòt risk ki trè enpòtan se sa minè ki vwayaje ak fanmi yo ki gen paran oswa responsab ki pa pale espanyòl yo. Nan anpil nan ka sa yo, minè sa yo aji kòm **tradiktè** pou paran yo, san yo pa sousye de moun ki entèlokité a. Rezon ki lakoz ke yo ekspoze a **sityasyon danjere, abi ak eksplwatasyon** pa moun ki san skripil, epi tou risk pou yo **separe yo de fanmi yo.**



Prensipal entèraksyon ant moun ki soti nan kominate Neco-clí ak Ayisyen yo baze sou yon echanj ekonomik pou achte pwodwi (tablèt trètman dlo, medikaman, tant, pwoteksyon telefòn selilè, flach, soulye, elatriye), aksè nan sèvis manje, lojman, epi resevwa lajan atravè transfè (si paspò yo pa gen tenm oubyen so sou yo, yo pa kapab retire kòb nan konpayi transfè yo). Sepandan, yo **touche** nan men moun sa yo **an dola ak nan pri** konsiderableman **pi wo** pase pri komen yo.



Malgre ke sa a se te reyalite ki te evidansye an 2023, pandan dènye vizit ki te fèt soti nan Ipiales pou rive Medellín an fevrier 2024, yo te idantifye ke pa gen youn nan pwen de pasaj ke ayisen yo te refere yo ke mouvman migratwa a te itilize. Nan konvèsasyon ak lòt òganizasyon imanité ak otorite lapolis lokal yo, nan Tulcán (nò Ekwatè) menm jan ak nan Kolonbi, yo idantifye ke trafik ilegal moun yo kòmanse pwo-tableman depi anvan yo antre nan peyi Kolonbi. Rezo sa yo itilize pasaj iregilye pou antre nan peyi a epi yo vwayaje nan mitan lannwit, kote yo vin vizib ankò sèlman lè yo rive nan Gòlf Urabá pou yo ka travèse.



Pami kòz posib pou sèvi ak rezo trafik ilegal sa yo, sa plis atire atansyon difikilte pèp ayisen rankontre sou teritwa Kolonbyen pou deplasman yo. Difikilte sa yo pa sèlman gen rapò ak aspè migratwa a, men tou ak difikilte pou jwenn tikè ofisyèl nan estasyon transpò yo. Nan plizyè okazyon, sa te fòse moun yo achte tikè altènatif, nan kèk ka yo te pase yo nan magouy kote yo te mal enfòme, di yo ke yo te rive Neco-clí, pandan ke yo te toujou nan sid peyi a.



Fòk nou mansyone tou ke daprè chif ofisyèl migrasyon Kolonbi yo, pa gen okenn ayisen ki te antre pa chimen "Rumichaca" jiskaprezan pou ane 2024 sa (done ki rekolekte jiska 29 fevriye), alòske done deplasman pou direksyon Daryen lan endike pasaj 3,687 moun sòti 1 janvye rive 12 fevriye 2024<sup>3</sup>. Sa a montre egzistans deplasman migratwa a, byenke li de pli zan pli envizib nan peyi Kolonbi.

<sup>3</sup> Enfòmasyon GIFMM nan Urabá bay, dapre rejis konpayi maritim yo.



## 6.2

## Pwen sikilasyon - Meksik

Nan dènye ane yo, Meksik vin tounen yon pwen enpòtan nan koze vwayaj, orijin ak destinasyon pou imigran ki soti atravè mond lan, enflryanse pa politik migratwa nan peyi Etazini. An 2023, pwolanjman **“Pawòl”** pou moun ki gen nasionalite ayisyèn yo ak fen **Tit 42** a te lakòz yon ogmantasyon siyifikatif moun sa yo nan peyi a pou yon peryòd tan ki pi long. Vrèmanvre, nan gwoup vwayaj yo te fè entèvyou avèk yo nan peyi Meksik, sèlman 1% te deklare ke yo antre Meksik atravè yon pòs fwontyè ofisyèl epi 81% te deklare ke yo antre Meksik atravè wout “Ciudad Hidalgo-Chiapas”; Sejou yo pi long pase lè yo te Kolonbi. Nan moman entèvyou a, gwoup yo te nan peyi a pou 77 jou an mwayèn. Anpil nan moun sa yo kòmanse pwoesisis demann estati refijye nan peyi Meksik, menm si 16 pouvantaj rezolisyon pozitif la byen ba, se sèlman 8%, malgre sitiayson vvolans ke anpil Ayisyen ap eseye retire kò yo ladani. Sepandan, kèk nan yo resevwa Pwoteksyon Konplemantè<sup>4</sup>.


57% nan gwoup vwayaj yo deklare ke yo te fè fas a pwoblèm sou wout la pou rive Meksik, epi sèlman 22% te resevwa kèk sipò sou wout la, sitou nan tèm lojman (32%) epi bò kote-kèk sant refij (50%). Sis nan gwoup vwayaj yo pèdi yon manm fanmi yo sou wout la. Yon fwa ke yo rive nan peyi a, 32% nan gwoup vwayaj yo rete nan sant refij, 29% nan yon kay pataje oswa yon ti chanm kay epi 19% nan lari, plaj, epi sou plas publik yo. 44% nan gwoup gason yo dirije yo konsome yon mwayèn de 2 repa pa jou, 33% sèlman yon sèl, pandan ke nan gwoup ke fi yo dirije yo, 47% konsome yon mwayèn de 2 repa pa jou epi 41% sèlman yon sèl.

Debilitasyon moun yo evidan lè yo rive Tapachula: lè yo poze yo kestyon sou emosyon prensipal yo te santi nan zòn lan, krent ak laperèz domine (Fanm: 76%, Gason: 46%), tristès (Fanm: 61%, Gason: 40%), kè sere (Fanm: 45%, Gason: 40%). Malgre ke gen kèk diferans ant gason ak fanm, yo gen menm emosyon prensipal yo.

<sup>4</sup> Fòrm pwoteksyon entènasyonal yo akòde etranje ki pa te rekonèt kòm refijye dapre lalwa (lejislasyon Meksiken an kontanples definisyon inivèsèl tèm refijye a ak definisyon elají, lè yo konsidere ke retounen an ka mete laví yo an danje oswa mete yo nan risk pou yo sibi tòti oswa lòt trètman oswa move pinisyón, atròs oswa degradan).


[https://portales.segob.gob.mx/work/models/PoliticaMigratoria/CEM/UPM/MJ/CyL\\_5.pdf](https://portales.segob.gob.mx/work/models/PoliticaMigratoria/CEM/UPM/MJ/CyL_5.pdf)

**Grafik 12.** Emosyon yo manifeste selon sèks yo



Kòz prensipal emosyon sa yo se:

**Grafik 13.** Sa ki lakòz emosyon yo



Diferans sèks konsènan prensipal detonasyon emosyon sa yo pa anpil. Pou gason yo, pwoblèm prensipal yo enkli mank manje (46%), mank oswa pwoblèm nan travay (46%), pwoblèm lojman (37%) ak mank dokiman (29%). Yon lòt bò, pou fanm yo, defi prensipal yo se mank manje (50%), mank lojman (41%), pwoblèm oswa mank travay (24%) ak mank dokiman ak swen medikal (21%). Sepandan, nan ka fanm yo, siti�asyon vyolans kont sèks yo (9%), prezans yon ajan pèsekite (3%) ak difikilite pou kominike tou (3%).




Malgré la situation dans laquelle se trouve la population afro-mexicaine, il existe des organisations qui pratiquent la médecine traditionnelle et la spiritualité dans le sud du Mexique. Malgré les difficultés rencontrées, ces organisations continuent à transmettre leur culture et leurs croyances à travers les générations. Les personnes de cette communauté sont également confrontées à des problèmes sociaux et économiques, mais elles trouvent du réconfort et de la force dans leur foi et leur histoire.

Lè yo rive Meksik, sitiyasyon moun yo ak bezwen yo ki pa satisfè ogmante, sitou akoz vòl, twòp depans, diskisyon yo soufri sou wout la ak paske sejou yo dire pi lontan ke nòmalman. Nesesite pou jwenn **manje (84%)**, **mank lojman (76%)** ak jwenn yon **travay (78%)** pou yo ka gen ase resous ki pou pèmèt yo kontinye ak wout la te plis domine.

Anplis de bezwen sa yo, gwooup diskisyon sa yo te rann li posib demonstre nesesite pou bay atansyon sou pwoblèm sante, sanitasyon/ijyèn, kondisyon lavi, medikaman ak kou espanyòl. Moun yo deklare ke yo gen anpil difikilte pou yo viv, paske depans yo trè wo e li difisil pou yo jwenn travay. Bezwen sèvis sanitasyon ak ijyèn yo espesyalman enpòtan (51%), paske anpil gwooup vwayaj pase nwit la nan lari a oswa pak ki nan diferan vil yo, kidonk aksè ak sèvis sante yo limite.

**Grafik 14.** Bezwen imeda nan peyi Meksik



Anpil moun rekonèt ke pa pale espanyòl se yon gwo limitasyon pou yo kapab pataje ak moun lokal yo, jwenn yon travay oswa jwenn aksè ak diferan sèvis yo.

Konsènan aspè ki gen rapò ak sante, gwooup diskisyon epi entèvyou ki te fèt avèk aktè ekstèn yo pèmèt nou idantifye yon gwo predominans nan koze maladi seksyèlman transmisib, respiratwa, dèmatologik ak dijestif. Malgre ke lwa nan peyi Meksik etabli ke migran yo gen dwa pou yo resevwa nenpòt kalite swen medikal nan men sektè piblik ak prive yo, kèlkeswa sitiyasyon migratwa yo, kèk ayisyen deklare ke nan sant atansyon medikal local yo, pafwa yo pa okipe yo, san okenn jistifikasyon oswa paske yo pa gen dokiman ki pwouve kote yo abite a. Okontrè, lè yo akonpaye pa yon entèmedyè, jeneralman yon manm nan yon lòt òganizasyon, pa gen okenn obstak pou bayo swen medikal la.

Anplis de sa, atravè temwanyaj plizyè moun ki te fè entèvyou yo, nan Tapachula tankou nan vil Meksik, yo te rekolekte enfòmasyon sou sitiyasyon vyolans kont fanm ansent sou fanm ayisyèn yo, ki lakòz nan kèk ka, tibebe ki mouri san okenn eksplikasyon valab. Dwa a lasante yo sanse afekte pa mank entèprèt ak materyèl ki tradui nan sèvis piblik yo,

ak mank volonte pou bay bon jan kalite swen medikal, byenke règleman yo mande pou bay sèvis sa a.ak mank volonte pou bay bon jan kalite swen medikal, byenke règleman yo mande pou bay sèvis sa a.

Konsènan aksè a edikasyon, **tifi, ti gason ak adolesan** fè fas ak divès limitasyon. Pa egzanp, si ane eskolè a déjà kòmanse, yo pa pèmèt admisyon yo nan lekòl yo, sa vle di yo dwe tann pwochen ane eskolè pou fè sa. Anplis de sa, nan kèk ka, yo egzije yo prezante dokiman edikasyon ki soti nan peyi orijin yo pou yo ka enskri, e anpil nan yo pa gen dokiman sa yo. Sitiyasyon sa a vin konplike lavi **fanmi ki gen yon sèl paran yo** (9% nan gwoup vwayaj) pi plis, kote 6% se manman ki gen moun ki depann de yo, epi 3% se papa ki gen moun ki depann de yo. Pandan vwayaj yo, yo manke gwoup sipò ki pou pèmèt yo pran swen pitit fi ak pitit gason yo pandan yap travay, kidonk mank de espas sekirize, tankou lekòl, reprezante yon lòt dezavantaj.

Yon gwo baryè ke yo dekoutri nan peyi Meksik se rasis ki ekspoze moun yo nan sitiyyon **diskriminasyon ak vyolans**, bò kote sosyete sivil la tankou bò kote otorite imigrasyon yo. Nan tèm enstisyonèl, rasis la idantifye nan **diskresyon ki genyen nan distribisyon sèvis publik ak migratwa yo**. Sa a se yon risk pou moun ak yon vyolasyon dwa yo paske atansyon yo resevwa yo ka varye konsiderableman, selon travayè publik kap bay swen an chak moman.


Yon pwoblèm ke avoka ki fè pati òganizasyon alye yo te idantifye se ke, lè moun yo depoze pwosè pou ka kidnaping, vyòl, ak lòt krim, biwo konsène yo souvan evite ka sa yo, fè yo konnen ke sa pa responsabilite pa yo epi refere yo bay yon lòt biwo ki la pou sa. Rezulta ki lakoz yap monte desann nan plizyè biwo ki wè ka sa yo, epi ki vin bay yon reta pwolonje nan chèche aksè a lajistis, ki lakòz anpil moun abandone pwosè sa yo. Sitiyasyon sa a, san oken dout, afekte entegrite psiko-emosyonèl moun yo, non sèlman akòz vyolans yo sibi, men tou akòz vyolasyon repetitif kont dwa moun yo ak **mank aksè a lajistis**.

Pandan vizit ki te reyalize nan vil Meksik nan mwa Oktòb 2023, nou te evidansye ke aglomerasyon moun devan biwo Komisyon Meksiken pou Èd pou Refijye yo - COMAR te endike yon sitiyyon trè konplèks, pa sèlman nan sektè Versalles, men tou nan forè Tláhuac yo. Nan zòn Versalles yo, yo te idantifye anviwon 200 moun ki san abri. Malgre ke anpil nan yo te de pasaj, kèk fanmi te la pandan plis pase yon mwa, nan move kondisyon ijjèn, kondisyon sante trè delika ak san aksè a enstalasyon sanitè gratis. Sitiyasyon an nan Tláhuac pat twò diferan: sant refij yo te ranpli an tèm de lokatè nan etablisman li yo, kidonk li pat fasil pou te detèmine konbyen moun ki tap viv la an reyalite.


Li enpòtan tou pou konsidere ke nan zòn sa a, yo fè pwosedi pou aplikasyon pou Kat Vizitè pou Rezon Imanitè (TVRH) ak Refij yo. Jou anvan vizit sa a nou mansyone a, yo te resewa 1,300 moun, 90% ayisyen. Kapasite premye atansyon yo te pou 120 moun, men akòz demann lan te vin anpil, yo ogmante kapasite repons yo epi kounya yo gen tradiktè pou akonpaye pwosesis moun ki pa pale espanyòl yo. Nou vin konprann rezon aglomerasyon sa a ak demann pou sèvis yo sitou paske majorite moun yo rive nan vil Meksik pou yo kòmanse pwosesis aplikasyon an epi tann yon randevou atravè aplikasyon CBP One<sup>5</sup> lan; Kidonk, yon fwa ke yo jwenn randevou a, yo eseje apwoche yo de zòn fwontyè peyi a paske pwosedi a ka kòmanse soti nan vil Meksik pou rive nan direksyon nò.

Map 03 montre peyi kote pèp ayisen an, nan deplasman yo, te sibi kèk kalite vyolasyon dwa yo, tankou atak fizik, menas kont lavi yo ak entegrite yo, vòl dokiman, ekstòsyon, diskriminasyon, rejè oswa vòl. Koulè ki pi klè ak koulè oranj/zoranj yo reprezante mwens kantite ensidan, tandi ke ton ki pi fwonse yo ak sa ki wouj yo endike yon kantite ensidans ki pi wo de evenman sa yo. Grafik 15 lan reprezante moun ki komèt vyolans sa yo selon sa pèp Ayisen an te rapòte, epi koulè ba yo endike kalite vyolasyon yo te komèt.

### Kat 03. Kantite ensidan vyolan pa peyi




Grafik 15. Moun ki komèt vyolans yo epi ki kalite vyolans



Sou kat la ou ka wè ke peyi kote gwoup vwayaj yo fè eksperyans yon pi gwo kantite vyalasyon, se Meksik, peyi ki swiv li yo se Gwatemala, Panama ak Kolonbi. Moun yo plis idantifye ki komèt vyolans sa yo se Lapolis, answit kèk patikilye ak ajan imigrasyon yo. Konsènan domaj yo enflije yo, vol, ekstòsyon ak diskriminasyon plis predomine. Lè w reflechi a fon ak gwoup diskisyon yo sou risk ak vyolasyon ki genyen sou wout la, Vyolans ki baze sou Sèks ak kidnaping yo predomine, sitou lè gen baryè lang. Chèn transgresyon repetitif sa a, sou wout la, pa sèlman lakòz yon vyolasyon sistematik dwa moun yo, men tou, yon pèt konfyans nan otorite ak enstitisyon yo. Sa a, nan yon kout tèm, prezante yon pi gwo eksposizyon ak rechèch rezo trafik moun ilegal, ki baze sou kòmantè kap sikile nan mitan moun yo sou "efikasite" yo ("Sa te mache pou zanmi mwen an"). Nan yon mwayen ak long tèm, li izole moun yo de estrikti opòtinite ke sosyete a gen pou ofri, kote majinalizasyon ak esklizyon sosyal la ogmante.

An reyalite, poze yo kestyion sou prensipal sous enfòmasyon fyab yo genyen yo, montre ke moun yo gen yon kredibilite ki trè ba anvè gouvènman yo (0%), lapolis (1%) e menm anvè Òganizasyon Non-Gouvènmantal oswa Ajans Nasyonzini yo (yo sèlman rive nan 2%).

**Grafik 16.** Sous enfòmasyon fyab yo



Malgré anpil vyolasyon dwa moun ke moun yo ap fè fas ak yo, ni sou wout la ni an Ayiti, pandan ane 2023 a, plis pase 182 mil ayisyen<sup>6</sup> te retounen nan peyi yo,

**182.000** ayisyen te retounen nan peyi yo

**133 mil**  
gason

**35 mil**  
fam

**8,500**  
timoun ak

**5,889**  
tifi

kote ke ak aksyon sa yo vyole **prensip "Non a retounman" an**. Majorite nan retounman sa yo te soti Republik Dominikèn, sa ki reprezante 95% nan ka yo, zile Tik ak Kaykos epi Bahamas te vini aprè.

<sup>6</sup> Sous: Rapò OIM sou rapatriye yo.

Nan aktivite ki te fèt ak popilasyon ayisyen ki an deplasman nan Amerik yo, li te posib poun te rekolekte kèk temwanyaj: yo se eksperyans ke yo viv pandan tout vwayaj la. Nan pwochen liy ki anba yo nap prezantew de temwanyaj: yon moun nan premye migrasyon li ak yon moun nan dezyèm migrasyon li.

## Akonpanyan 1



Mwen se ayisyèn, mwen gen 29 ans. Mwen fèt "Cité Soleil" men mwen grandi "Croix-des-Bouquets". An 2017, zòn kote mwen tap viv la te vin très danjere. Nan mwa me 2023, yon gwoup gang ki rele "400 mawozo" te touye papa m nan lakou lakay nou an paske papa m pat vle fè pati gang yo an. Nou pat gen okenn kote pou nou te ale, mwen menm, ti sè mwen an ak manman m te rete nan kay la. Apre antèman an, yo te komanse menase nou, yo te di nou ke nou te dwe vin patnè santi-mantal yo; Sinon, yo ta pral vyole epi touye nou. Nan mwa jen menm ane an, fas ak menas nou ta resevwa yo, nou te deplase ale Republik Dominikèn; nou te rete

viv la pandan 4 mwa (Jen-Oktòb) jiskaske imigrasyon te retounen nou Ayiti paske nou pat gen dokiman pou nou te ka rete Republik Dominikèn. Pandan 4 mwa sa yo nou te fè anpil eksperyans diskriminasyon. Nou te konnen ke nou pat ka rete Ayiti paske yo tap jwenn nou; An Ayiti lavi nou te an danje. Pou rezon sa a, 11 novanm nou te deside kite Ayiti yon lòt fwa, men fwa sa a pou nou te ale pi lwen epi pa tounen.

Nou te pran yon vòl pou Nikaragua: ajans ki te organize vwayaj la te touche US 3,250 nan men chak moun pou vwayaj la; rive Nikaragua nou te peye US 160 epi de Nikaragua pou rive Meksik nou te depanse anviwon 700 US chak moun. Lè nou antre Meksik nou pat gen lajan ankò, men nou te konnen ke nou pat an danje ankò, yo te vòlè afè nou Gwatemala. Kounye a pandan mwen Meksik la mwen nan pwosesis ak COMAR: chak fwa mwen ale nan COMAR pou mwen pran randevou pou mwen ka fè entèyou ke yo anrejistre a, yo dim ke pa gen randevou. Nou pa ka travay isi a paske nou pa gen dokiman ki pou pèmèt nou rete isi a, nou pa gen okenn moun ki pou sipòte nou, li difisil anpil pou ou viv Tapachula, nou manje yon fwa pa jou, nou konn santi anpil malèz jeneral ak pwoblèm nan vant akòz nou manke manje. Nou vle rete Meksik, nou pa gen pèsonn Ozetazini ni Kanada. Nou gen plizyè mwa Tapachula san travay, san anyen; Sa lakkòz mwen soufri anpil estrès. Chak jou mwen sòti al fè yon ti mache pou mwen wè si mwen te ka jwenn yon organizasyon ki ka ede nou: mwen bezwen dokiman, manje ak lojman.

## Akonpanyan 2



leon Bonaparte". Jodi a Matisan se zòn ki pi danjere nan kapital la.

Mwen pati an janvye 2017 paske yo te boule kay mwen, yo touye gran frè mwen, yo vyole manman m ak sè m. Nou te kouri ale Republik Dominikèn, san dokiman, nou te soufri diskriminasyon, epi se nan kache nou tap viv, fè travay ki pa byen peye jiskaske mwen te ekonomize lajan pou mwen ale Chili. Mwen te rive nan fen 2018, tankou nan fen mwa Oktòb; bagay yo te mal kòmanse, moun ki ta pral resevwa mwen an pat vin pranm, men gras ak Bondye yon mesye ki te vin chèche pitit li te dakò resevwa mwen pou kèk mwa e mwen trè rekonesan anvè li jiska prezan. Nan peyi Chili yo pat banm dokiman, gen anpil diskriminasyon: yon fwa yo te bat mwen nan lari a, mwen te lite anpil pou mwen te jwenn yon kay paske yo pat vle lwe mwen youn paske mwen se ayisyen, mwen te fè anpil travay ke yo pat peye byen akòz mank dokiman.

Mwen te kite Chili nan mwa septanm 2020 pou mwen te ale Brezil: mwen te fè mwen eksperyans diskriminasyon, men travay yo te toujou pat byen peye a, mwen te plede chanje vil pou mwen te amelyore kondisyon mwen (Puerto Alegre, Curitiba, Rio de Janeiro), men mwen pat gen yon bon estabilite, jiskaske nan mwa me 2023 mwen te achte yon tikè pou Ondiras paske kèk zanmi te di ke mwen te kapab vwayaje pou peyi sa a ak rezidans brezilyen mwen an; yo te retouren m Brezil. Nan mwa jen menm ane sa a mwen te deside pase pa forè Daryen an pou rive Meksik. Mwen pap refè eksperyans Daryen lan ankò: mwen wè anpil moun ki mouri, gen anpil bagay ki ka touye ou sou wout sa a, yon aksidan, kase yon zo oswa menm nwaye; sa ki pi konplike a sè ke pèsonn pa ka ede w. Mwen wè fanmi ki oblige kite pati nan kò yo, sa terib, wap bwè nan dlo kote kò moun yo ye a, dèské pa gen lòt opsyon, se tankou yon bagay nòmal; mete sou sa atak, vyòl, eks-tòsyon, men mwen te rive Meksik san anyen grav gras ak Seyè a.

Mwen te rive Meksik nan mwa Out. Mwen tande ke mwen oblige ale nan COMAR pou zafè papye. Pèsonn pat eksplike m kijan pwosesis la te ye; Mwen te jis ale pou papye. Mwen te dòmi pandan twa nwit deyò biwo COMAR la, yon nwit anvan m te antre poum enskri. Aprè sa, yon zanmi ki deja Kanada dim kisa yon azil ye, fòk mwen eksplike poukisa mwen kite Ayiti. Mwen pat byen konprann li se sak fè ke: nan mwa desamm mwen fè entèvyou ke yo anrejistre a, gras ak Bondye mwen gen repons pozitif la; Kounye a mwen pral voye chèche de pitit mwen yo. Mwen vle travay men pa gen travay nan Tapachula. Mwen pral fè yon entèvyou ak ACNUR pou m ale nan yon lòt vil pou m ka travay. Mwen gen espwa voye chèche moun mwen yo; Aprè sa a map wè si map ale Ozetazini. Pitit mwen yo pa gen yon bon lavi nan Republik Dominikèn e a nenpòt ki moman imigrasyon ka kenbe yo epi depòte yo, yon bagay ke mwen pa ta renmen ki rive.

